

RINGKESAN

Puri Handayani, 2024. Efektivitas *Biochar Three In One* Kana Tutuwuhan Pepelakan Pakcoy (*Brassica rapa L.*)

Dumasar kana data ti Badan Pusat Statistik, dina taun 2022 produksi sawi-sawian di Jawa Barat téh mimiti turun. Turunna angka produksi téh lantaran tahap ngagemuk anu kurang optimal, téknik budidaya nu can inténsif, sarta taneuh nu kurang subur. Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho éféktivitas *biochar three in one* kana kamekaran pepelakan pakcoy (*Brassica rapa L.*). Méthode nu dilarapkeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode kuantitatif, kalawan desain Rancangan Acak Lengkap (RAL) nu ngawengku genep perlakuan sarta opat pengulangan. Dina perlakuan aya kontrol, 35 g/polybag, 40 g/polybag, 45 g/polybag, 50 g/polybag, jeung 55 g/polybag. Data utama dina ieu panalungtikan téh nyaéta jangkungna pepelakan, jumlah daun, jeung beuratna pepelakan. Sedengkeun data pangrojongna mangrupa data faktor klimatik nu ngawengku intentsitas cahaya, suhu lingkungan, kelembapan udara jeung PH taneuh. Dicangking hasil tina ieu panalungtikan yén dosis *biochar three in one* nu dipaké téh mangaruhan kana jangkungna pepelakan, jumlah daun, jeung beuratna pepelakan. Dosis *biochar three in one* nu optimal pikeun pepelakan pakcoy dina 55 g/polybag téh éféktif mangaruhan jangkungna pepelakan, nyaéta 984.50. Sedengkeun dosis 45 g/polybag éféktif mangaruhan kana jumlah daun, nyaéta 61.50, sarta bobot pepelakan 38.50. Lian ti kitu mekarna pepelakan pakcoy téh dipangaruhan sacara signifikan ku faktor klimatik.

Kecap Konci : *Biochar Three In One*, Efektivitas, Pertumbuhan, Pepelakan pakcoy